



Jan Medicaid Sipòte Granmoun, Moun ki gen Andikap, ak Moun k ap Bay Swen nan Florid

Medicaid Sipòte Sante ak Byennèt Ekonomik Moun k ap Bay Swen (ki peye oswa ki pa peye) epi li Vital pou Granmoun ak Moun ki gen Andikap

Medicaid esansyèl pou sante ak byennèt moun k ap viv nan Florid nan chak etap nan lavi yo. Medicaid se pi plis pase yon pwogram asirans sante: se premye sous finansman pou swen alonmtèm nan peyi a. Li peye plis pase mwatye nan \$415 milya dola yo depanse pou swen alonmtèm nan tout peyi a,¹ epi li bay plis pase 9 milyon moun kouvèti pou sèvis ak sipò alonmtèm.² Nan Florid, sa gen ladan plis pase 147,000 granmoun ak moun ki gen andikap ki konte sou sèvis ki baze nan kay ak nan kominote a (home and community-based services - HCBS) atravè pwogram Swen Alonmtèm nan tout eta a. Moun sa yo chèche viv ak vyeyi ak dinite nan pwòp lakay yo ak nan kominote yo, kote pifò moun ta prefere resevwa swen yo.³ Lajan Medicaid sipòte tou moun nan fanmi k ap bay swen k ap lite ak depans yo, ansanm ak travayè k ap bay sèvis esansyèl pou moun ki gen bezwen swen alonmtèm.

Medicaid Jwe yon Wòl Kritik nan Sipòte Estabilite Ekonomik Moun nan Fanmi k ap Bay Swen

Plis pase 2.7 milyon granmoun se moun nan fanmi k ap bay swen nan Florid—sa vle di anviwon 15% nan popilasyon granmoun lan.⁴ Tan yo pase ap fè sa lajman pa jwenn konpansasyon. Fanm yo, espesyalman fanm ki gen po koulè, jwe yon wòl prensipal nan bay swen san peye pou timoun, manm fanmi, ak zanmi, san wete moun k ap vyeyi oswa ki gen andikap. Faktè sa yo ak lòt ankò fè Medicaid kritik pou anpil moun nan fanmi k ap bay swen, ki souvan rankontre baryè ekonomik ak defi sante epi ki konte sou Medicaid pou kouvèti asirans ak aksè nan swen.⁵ Medicaid ede fanmi yo peye depans pou swen moun k ap vyeyi ak moun ki gen andikap,⁶ san wete depans pou travayè swen dirèk yo, ansanm ak sèvis swen ijans ak sèvis relè (respite services) ki nesèsè anpil.⁷

Yon etid AARP an 2021 te jwenn ke 78% nan moun nan fanmi k ap bay swen yo deklare yo gen depans soti nan pòch yo ki gen rapò ak swen y ap bay la, avèk yon mwayèn \$7,242 pa ane.⁸ An mwayèn, moun sa yo depanse 26% nan revni yo nan bezwen pou bay swen, avèk yon nivo presyon finansye ki pi wo pou moun k ap bay swen ki Nwa oswa Ispanyòl. Pou moun k ap bay swen ni pou granmoun oswa moun ki gen andikap, ni pou jèn timoun anmenmtan (yo rele yo "moun k ap bay swen nan mitan de jenerasyon" oswa sandwich-generation caregivers), mank sèvis gadri abòdab ak absans règleman tankou konje peye kreye lòt baryè ekonomik an plis. Medicaid sèvi yon wòl enpòtan nan sipòte moun nan fanmi k ap bay swen yo ak moun yo renmen yo.

Medicaid Peye pou Majorite Travayè Swen Dirèk yo, Youn nan Metye k ap Grandi pi Vit nan Eta a

Sektè swen dirèk la se youn nan metye k ap grandi pi vit nan peyi a.⁹ Jodi a, sa gen ladan plis pase 168,000 travayè swen dirèk nan Florid, tankou èd pèsònèl, èd sante nan kay, pwofesyonèl sipò dirèk, ak asistan enfimye. Yo tout bay granmoun ak moun ki gen andikap sèvis ak sipò.¹⁰ Yo bay sipò pou aktivite chak jou tankou abiye, prepare manje, pran medikaman, patisipe nan travay, ede ak kominikasyon, sèvi ak transpò, epi bay sèvis relè pou moun nan fanmi k ap bay swen yo. Antanke premye sous finansman pou swen alonmtèm, Medicaid se kle pou peye travayè swen dirèk yo epi pou rezoud pwoblèm mank travayè sa yo.¹¹ Sipò regilye nan men Medicaid redui depans pou anplwayè yo lè travayè yo pa kite djòb la souvan, epi sa bay granmoun, moun ki gen andikap, ak moun nan fanmi k ap bay swen yo kalite swen serye yo bezwen an. Fleksibilite ki egziste nan Medicaid ede fanmi yo ak travayè swen dirèk yo tou lè yo sipòte modèl swen moun nan dirije li menm (self-directed care models), ki pèmèt moun yo anboche pwòp moun pa yo pou ba yo swen, san wete manm fanmi yo. San sipò pou moun k ap bay swen yo, anpil granmoun ak moun ki gen andikap pa t ap kapab viv poukont yo an sekirite epi patisipe totalman nan kominote yo.

Medicaid Sipòte Sante ak Byennèt Moun nan Fanmi k ap Bay Swen ak Travayè Swen Dirèk yo

Medicaid bay moun nan fanmi k ap bay swen ak travayè swen dirèk yo swen sante abòdab, sa ki sipòte kominote ki an sante ak pwospè nan tout Florid. Moun nan fanmi k ap bay swen yo gen plis chans pou yo gen presyon finansye ak pwòp pwoblèm sante pèsònèl pa yo pandan y ap bay swen, epi yo gen mwens chans pou yo resevwa asirans sante nan men anplwayè yo oswa mari/madanm yo.¹² Medicaid enpòtan anpil tou nan bay plis pase 30% travayè swen dirèk kouvèti asirans sante, paske yo konte sou pwogram nan pou yo jwenn swen sante abòdab.¹³ Medicaid redui depans soti nan pòch, ogmante aksè nan swen sante, epi amelyore rezilta sante an jeneral pou moun ki kouvri nan pwogram nan, san wete moun k ap bay swen ki peye ak sa ki pa peye.¹⁴

Sipò Moun nan Fanmi k ap Bay Swen ak Travayè Swen Dirèk yo Bay la Esansyèl epi se yon Motè nan Ekonomi an

Swen se travay ki rann tout lòt travay posib. Anpil nan travay sa yo pa jwenn konpansasyon, alòske valè yo depase \$40 milya dola chak ane nan Florid, epi se fanm ki fè de tyè nan travay sa a.¹⁵ ¹⁶ Chak jou nan peyi Amerik la, 10,000 moun fete 65 an,¹⁷ epi yo espere kantite granmoun ki gen plis pase 85 an ap plis pase double anvan 2040.¹⁸ Faktè sa yo, ak lefèt ke pifò moun prefere viv epi vyeyi lakay yo, fè sektè swen dirèk la youn nan sa k ap grandi pi vit nan ekonomi Ozetazini. Estimasyon yo montre ke yo pral bezwen ranpli 7.9 milyon pòs travay nan swen dirèk an total anvan 2030.¹⁹ Yon gwo pati nan bezwen sa a pral soti nan Florid, ki genyen deja pi gwo pòsyon rezidan ki gen 65 an oswa plis nan peyi a (prèske 22%).²⁰ ²¹ Moun nan fanmi k ap bay swen, travayè swen dirèk, granmoun, ak moun ki gen andikap konte sou Medicaid ak sou swen pou moun k ap vyeyi ak moun ki gen andikap nan kay la ak nan

kominote a pou ede redwi depans pou bay ak resevwa swen. Sipòte Medicaid se baz pou sipòte fanmi Florid yo ak sistèm swen alonmtèm nan.

Nòt anba paj

1. Priya Chidambaram ak Alice Burns, Kaiser Family Foundation, "10 Things About Long-Term Services and Supports (LTSS)," 8 jiyè 2024, disponib nan: <https://www.kff.org/medicaid/issue-brief/10-things-about-long-term-services-and-supports-ltss/>
2. Murray et al., Centers for Medicare and Medicaid Services, "Trends in Users and Expenditures for Home and Community-Based Services as a Share of Total Medicaid LTSS Users and Expenditures, 2022," 29 out 2024, disponib nan: <https://www.medicaid.gov/medicaid/long-term-services-supports/downloads/ltss-rebalancing-brief-2022.pdf>
3. Florida Agency for Health Care Administration, "Current Comprehensive Medicaid Managed Care Enrollment Reports," mas 2025, disponib nan: https://ahca.myflorida.com/Medicaid/Finance/data_analytics/enrollment_report/
4. Reinhard et al., AARP, "Valuing the Invaluable 2023 Update: Strengthening Supports for Family Caregivers," 8 mas 2023, disponib nan: <https://www.aarp.org/pri/topics/ltss/family-caregiving/valuing-the-invaluable-2015-update/>
5. Burns et al., Kaiser Family Foundation, "How do Medicaid Home Care Programs Support Family Caregivers?" 13 janvyè 2025, disponib nan: <https://www.kff.org/medicaid/issue-brief/how-do-medicicaid-home-care-programs-support-family-caregivers/>
6. Priya Chidambaram ak Alice Burns, Kaiser Family Foundation, "10 Things About Long-Term Services and Supports (LTSS)," 8 jiyè 2024, disponib nan: <https://www.kff.org/medicaid/issue-brief/10-things-about-long-term-services-and-supports-ltss/>
7. National Institute on Aging, "What is Respite Care?" 12 oktòb 2023, disponib nan: <https://www.nia.nih.gov/health/caregiving/what-respite-care>
8. Laura Skufca ak Chuck Rainville, AARP Research "Caregiving Out-of-Pocket Costs Study," AARP, jen 2021, disponib nan: https://www.aarp.org/content/dam/aarp/research/surveys_statistics/ltc/2021/family-caregivers-cost-survey-2021.doi.10.26419-2Fres.00473.001.pdf
9. U.S. Bureau of Labor Statistics, Occupational Outlook Handbook, "Home Health and Personal Care Aides," 18 out 2025, disponib nan: <https://www.bls.gov/ooh/healthcare/home-health-aides-and-personal-care-aides.htm>
10. PHI, "The Direct Care Workforce in Florida: State Profile," 12 septanm 2023, disponib nan: <https://www.phinational.org/state/florida/>
11. Burns et al., Kaiser Family Foundation, "Payment Rates for Medicaid Home- and Community-Based Services: States' Responses to Workforce Challenges," 24 oktòb 2023, disponib nan:

- <https://www.kff.org/medicaid/issue-brief/how-do-medicaid-home-care-programs-support-family-caregivers/>
12. AARP, "2020 Report: Caregiving in the U.S.," me 2020, disponib nan:
<https://www.aarp.org/content/dam/aarp/ppi/2020/05/full-report-caregiving-in-the-united-states.doi.10.26419-2Fppi.00103.001.pdf>
 13. Sarah Angell, PHI, "Direct Care Workforce State Index: Mapping Workforce Policies and Outcomes," 30 jiyè 2024, disponib nan:
<https://www.phinational.org/resource/direct-care-workforce-state-index-mapping-workforce-policies-and-outcomes/>
 14. Julia Paradise ak Rachel Garfield, Kaiser Family Foundation, "What is Medicaid's Impact on Access to Care, Health Outcomes, and Quality of Care? Setting the Record Straight on the Evidence," 2 out 2013, disponib nan:
<https://www.kff.org/report-section/what-is-medicaid's-impact-on-access-to-care-health-outcomes-and-quality-of-care-setting-the-record-straight-on-the-evidence-issue-brief/>
 15. Reinhard et al., AARP, "Valuing the Invaluable 2023 Update: Strengthening Supports for Family Caregivers," 8 mas 2023, disponib nan:
<https://www.aarp.org/pri/topics/ltss/family-caregiving/valuing-the-invaluable-2015-update/>
 16. National Partnership for Women & Families, Press Release, "New Analysis Shows Unpaid Care Work in the U.S. is Worth More Than \$1 Trillion Each Year," 27 jen 2024, disponib nan:
<https://nationalpartnership.org/news-post/new-analysis-americans-unpaid-care-work-worth-more-than-1-trillion-each-year/>
 17. U.S. Census Bureau, America Counts, "2020 Census Will Help Policymakers Prepare for the Incoming Wave of Aging Boomers," 10 desanm 2019, disponib nan:
<https://www.census.gov/library/stories/2019/12/by-2030-all-baby-boomers-will-be-age-65-or-older.html>
 18. Administration for Community Living, Administration on Aging, "2023 Profile of Older Americans," (Administration for Community Living, me 2024), disponib nan:
https://acl.gov/sites/default/files/Profile%20of%20OA/ACL_Profile_OlderAmericans2023_508.pdf
 19. PHI, "Direct Care Workers in the United States: Key Facts," 6 septanm 2022, disponib nan:
<https://www.phinational.org/resource/direct-care-workers-in-the-united-states-key-facts-3/>
 20. U.S. Census Bureau, "QuickFacts Florida," desanm 2023, disponib nan:
<https://www.census.gov/quickfacts/FL>
 21. Florida Department of Elder Affairs, "Florida State Plan on Aging 2022-2025," out 2021, disponib nan:
<https://elderaffairs.org/wp-content/uploads/FINAL-Florida-State-Plan-on-Aging-2022-2025-10182021.pdf>